

Pale Franchman (Denonsiyasyon)

Nou atann nou aske tout anplwaye ak patnè biznis nou yo aji avèk lonètete, pandan yo respekte règ konpòtman ki dekri nan **Kòd Konduit** nou an. Si ou sispèk ke gen yon vyolasyon lalwa oswa Kòd Konduit nou an ki fèt, alòs, nou vle pou ou denonse sa.

Kòd konduit nou an disponib sou entranèt la ak sou: www.imperialbrandsplc.com. Ou kapab voye kesyon konsènan Kòd la pa imel nan Governance.Team@uk.imptob.com

Gen plizyè chemen ou kapab itilize pou fè konnen enkyetid ou yo:

1. Pale franchman nan nivo lokal

Si w santi w alèz pou fè sa, ou ta dwe fè konnen enkyetid ou yo pa lantremiz manadjè w oswa ekip lokal resous moun ou a. Nou gen pwosesis yo pou asire enkyetid yo se jere kòm sadwa atravè konpayi a.

2. Pale franchman avèk Kad Siperyè nou yo

Si w pa santi w alèz pou fè konnen enkyetid ou yo nan nivo lokal, oswa si w te fè konnen enkyetid ou yo nan nivo lokal epi ou kwè ke repons lokal la pa sifi, alòs, ou kapab kontakte nenpòt nan moun sa a yo nou site anba la a:

- **Sekretè Konpayi a**
- **Kontrolè Finansye pou Gwoup la**; oswa
- **Direktè Resous Imèn pou Gwoup la**

Telefòn: +44 (0)117 963 6636 epi di se yon zafè denonsiyasyon.

Si w prefere fè konnen enkyetid ou a pa ekri, se byen, men sa va itil si ou di nou kijan nou kapab reponn ou. Ou kapab adrese lèt ou a bay:

The Company Secretary, 121 Winterstoke Road, Bristol BS3 2LL, United Kingdom Ekri sou li: 'Personal'	Faks: +44 (0)117 966 7859 Imel: whistle.blowing@uk.imptob.com
--	---

3. Itilize Liy Ijans Deyò Expolink la pou Pale Franchman

Ou kapab chwazi tou a nenpòt ki nivo, pou fè konnen enkyetid ou yo lè w itilize sèvis totalman endepandan ke **Expolink** founi, ke yo kapab kontakte pa telefòn, pa imel oswa pa entènèt. Expolink pral garanti ke yo transmèt enkyetid ou yo rapidman bay moun ki apwopriye a.:

- Liy Ijans Expolink la fonksyone 24 rè pa jou, 7 jou pa semèn (eksepte 25 desanm). Nimewo telefòn nan diferan pou chak peyi. Si w pa konnen bon nimewo a, alòs gade nan tablo afichaj lokal yo oswa vizite www.expolink.co.uk, www.imperialbrandsplc.com oswa entranèt Gwoup la.
- Yo kapab voye rapò yo pa imel pou Expolink nan imperialtobacco@expolink.co.uk
- Rapò ki fèt a pati entènèt yo, ou kapab soumèt yo apati sit wèb Expolink la www.expolink.co.uk pandan ou itilize kòd aksè 'imperialtobacco'.

Garanti nou ba ou

Otan sa posib, nou va kenbe enkyetid ou yo sekre. Toutfw, pou nou kapab reyalize yon ankèt kòm sadwa, gen kèk enfòmasyon li kapab nesèsè pou nou revele.

Ou kapab chwazi pou kapab fè pase enkyetid ou yo san ou pa di kiyès ou ye, depi lwa nan peyi kote w ap travay la pèmèt sa.

Nou pa tolere okenn vanjans kont moun ki ap denonse yon vyolasyon kòd la ki reyèl ou sispèkte oswa ki ap ede ak yon envestigasyon. Toutfw, yon enkyetid yo fè pase pa mekanste, moun ki fè sa a kapab jwenn yon pinisyon.